

K

# Gwo espwa

Patnarya pou lavni  
pitit ou



1

2

3

4

5

6

7

8



**Department of  
Education**

*Joel I. Klein, Chancellor*

# Bon lekòl derape ak Gwo espwa

Nòm aprantisaj yo dekri baz sa elèv yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan chak klas. Nòm sa yo asire ke tout elèv yo prepare pou chanje klas—epi, annapre, pou yo gen siksè nan kolèj, jwenn yon djòb, epitou vin manm k ap pwodui nan kominote yo. Timoun yo dwe devlope yon lanmou pou yo aprann k ap sèvi yo byen nan yon monn kote enfòmasyon ap chanje ak devlope rapidman.

Pou timoun yo kapab jwenn travay nan ekonomi mondyal konpetitif la epi pou yo kapab fonksyone nan yon monn k ap chanje vit, y ap bezwen konnen plis pase anvan. Sa se yon reyalyite pou elèv gradye ki fè plan pou enskri nan kolèj ki genyen pwogram katran; Se yon reyalyite tou pou elèv ki vle kòmanse karyè yo touswit apre lekòl segondè.

Nòm Leta Nouyòk nou itilize yo, yo fèt pou ofri elèv nou yo korikolòm solid pou asire yo devlope kreyativite, aptitud pou panse kritik ak kapasite pou rezoud pwoblèm y ap bezwen pou fè fas ak defi monn modèn lan. Men nòm yo se yon kòmansman, se pa yon destinasyon. Lè nou satisfè ak bati sou yon fondasyon konesans solid, elèv nou yo ap benefisye davantaj de edikasyon yo.

**Men kèk egzanp w ap jwenn sou sa elèv lekòl jadendanfan yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan fen ane akademik lan nan lang e literati (ELA), matematik, syans sosyal, ak syans. W ap jwenn tou fason ou kapab sipòte aprantisaj la antank yon fanmi, tankou bagay ou kapab fè lakay ou, nan katye ou ak toupatou nan gran vil nou an.**

Gid sa a ofri sèlman yon ti modèl nòm pou jadendanfan yo. E sa ki konsène lòt nòm yo? Kisa l ap aprann nan klas 1<sup>ye</sup> ane ak nan lòt klas yo? Pwofesè pitit ou kapab ba ou repons pou tout kesyon sa yo oswa ou kapab jwenn repons yo sou sit wèb nou nan [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

## Bòn abitud etid

Pou ede pitit ou devlope bon abitud etid.

- Prepare yon espas konfòtab nan kay la pou li fè devwadmezon li.
- Ede pitit ou òganize l.
- Fikse yon lè regilye pou devwadmezon.
- Asire ke pitit ou konnen règleman pwofesè a pou devwadmezon yo.

Pou jwenn lòt lide, ale nan sit wèb [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).



## Elèv ki gen andikap :

*Sofsi genyen lòt endikasyon nan Plan edikasyon endividyèl Individualized Education Program (IEP) elèv la, elèv ki genyen andikap yo ap patisipe nan korikolòm edikasyon jeneral la ke yo kapab adapte pou diferan nivo ansèyman ak diferan anviwònman (tankou kou Ansèyman yon gwoup pwofesè k ap kolabore ofri elèv Collaborative Team Teaching (CTT) oswa kou edikasyon espesyal endepandan). Adaptasyon yo kapab genyen ladan yo itilizasyon sipò didaktik tankou kalkilatris ak sipò vizyèl, plis tan pou aprann nouvo teknik, epi diminye nan longè devwa yo pou ede elèv ki gen andikap yo satisfè nòm yo.*

# Mande pwofesè pitit ou



Nòm aprantisaj yo ofri w yon gwo opòtinite pou pale avèk pwofesè yo sou sa pitit ou ap aprann nan lekòl la ak fason ou kapab sipòte aprantisaj sa a lakay ou. Men kèk kesyon ou kapab vle poze.

## Pou konnen plis sou yon nòm :

- Èske ou kapab montre mwen kèk egzanzp travay elèv la ki satisfè nòm sa a?
- Èske mwen kapab gade kèk travay pitit mwen ki konsène nòm sa a?
- Kilè pitit mwen ap travay sou nòm sa a pandan ane akademik lan?
- Ki aktivite ak materyèl w ap itilize nan lekòl la pou ede pitit mwen satisfè ak depase nòm sa a? Ki travay nan klas ak devwadmezon ou pral bay elèv yo?
- Ki kèk egzèsis mwen kapab fè avèk pitit mwen pou ede li avèk nòm sa a?
- Anplis nòm ki fè pati gid sa a, ki lòt nòm yo atann pou pitit mwen an aprann ane sa a?

## Pou konnen kouman pitit ou ap travay nan lekòl la :

- Nan ki matyè pitit mwen travay nan nivo klas la? Èske genyen kèk domèn kote pitit mwen bezwen amelyorasyon?
- Èske pitit mwen an ap li nan nivo klas la? Èske ou ka montre m kèk liv pitit mwen an ka li?
- Konbyen tan pa jou pitit mwen pase ap travay sou chak matyè?
- Kouman ou evalye pitit mwen an sou matyè sa yo pandan ane a?

## Pou konnen fason pou w sipòte pitit ou :

- Anplis kanè yo, ki pi bon mwayen pou m rete enfòme sou fason pitit mwen ap travay?
- Si pitit ou a pa p travay nan nivo klas la : Ki sipò lekòl la kapab ofri pitit mwen? Kisa mwen kapab fè lakay mwen pou ede pitit mwen travay pi byen nan lekòl la?
- Si pitit ou a nan nivo klas la oswa si li depase nivo klas la : Ki ankourajman ak sipò siplemantè ou sijere pou pitit mwen? Kouman mwen kapab ede pitit mwen lakay li?

# K

## Lang e literati angle (ELA)

### Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Angaje nan aktivite anvan ak pandan lekti pou fè previzyon, rerakonte yon istwa an sekans, epi tabli rapò ant evènman ki nan yon istwa ak evènman ki nan pwòp vi yo.
- Swiv sa ki nan tèks la lè yo montre mo ki ekri yo lè yo li tèks yo yo menm oswa lè lòt moun li yo.
- Kreye yon istwa ki genyen yon kòmansman, yon mitan ak yon fen lè yo itilize imaj ak kèk mo.
- Konnen diferans ant istwa reyèl (tèks reyèl, tankou byografi) ak istwa imajinè (tèks imajinè, tankou kont).
- Idantifye epi itilize mo ki rime, rekonèt menm son yo nan diferan mo, epi konnen lèt ki genyen pwòp son pa yo.
- Li yon fason otomatik yon ti seri mo ou rankontre souvan (paegzanp, "a," "the," "my," "is," "are").
- Ekri avèk lèt ak desen, pou make ak siy ak kominike pou diferan objektif (tankou rakonte istwa, eksprime santiman, epi bay enfòmasyon).
- Itilize konvansyon debaz pou lekti : lekti orizontal (sòti agòch pou rive adwat); lekti vètikal (sòti anwo pou rive anba); konnen diferans ant lèt ak mo; konnen diferans ant karaktè ak imaj.
- Kominike pou divès kalite objektif: eksplike ak diskite nouvo enfòmasyon, poze kesyon, eksprime lide, panse ak santiman, epi angaje nan dyalòg kreyatif ak entè-aksyon sosyal.
- Aprann ak itilize nouvo mo nan sitiyasyon reyèl.



### Aprantisaj lakay

Yo ka itilize estrateji sa yo nan lang natifnatal paran an ak nan lang angle tou.

**Li pou pitit ou chak jou.** Timoun yo kapab tande ak li liv tou sou Entènèt nan lang angle, franse oswa panyòl nan sit wèb Bibliyotèk piblik Nouyòk, "On-Lion" pou timoun. Ale sou sit wèb [kids.nypl.org](http://kids.nypl.org) epi klike sou bouton TumbleBooks.

**Chwazi yon lèt chak jou : Chak jou, chwazi yon lèt alfabè diferan.** Mande pitit ou pou li jwenn tout bagay nan kay la oswa nan katye ki kòmanse avèk lèt li chwazi a. Fè pitit ou trase lèt la pandan w ap di mo a.

**Ale sou sit wèb [www.colorincolorado.org/guides/readingtips](http://www.colorincolorado.org/guides/readingtips),** ki ofri estrateji lekti pou paran yo nan 10 lang diferan.

**Mennen pitit ou nan bibliyotèk bò lakay ou.** Nenpòt timoun ki kapab ekri pwòp non li ap resewva yon kat bibliyotèk la.

# Matematik



## Aprantisaj lakay

**Klase pyès monnen avèk pitit ou.** Fè lo pyès 25 santim, pyès 5 santim, pyès 10 santim ak pyès 1 santim. Konte kantite pyès monnen ki nan chak lo.

**Ansanm avèk pitit ou, fè yon tablo aktivite pitit ou fè chak jou,** tankou bwose dan, ranje jwèt, li yon liv oswa bay bèt nan kay manje. Montre si li fè klè oswa fènwa deyò a lè li lè pou fè chak bagay.


**Fè kolye oswa fòme blòk nan diferan modèl dimansyon oswa koulè.**

Kòmanse yon sekans, epi kite pitit ou deside sa k ap vini answit.

**Bay opòtinite pou fè jwèt devinèt.**

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab:

- Konte awotwva pa 1 jiska 20.
- Itilize liy gradye a pou konte nan lòd dekwasan (pa bak) soti nan 10 pou desann nan 1.



- Itilize nonb òdinal pou dekri plas yon chif nan yon sekans de 1 a 10. Pa egzanp, premye, dezyèm, twazyèm, katriyèm—kontinye pou rive nan dizyèm.
- Konpare de gwoup epi detèmine kiyès ki plis, pi piti oswa egal.
- Klase gwoup atik yo dapre gwosè yo—soti nan pi piti a pou rive nan pi gwo a (lòd kwasan) epi soti nan pi gwo a pou rive nan pi piti a (lòd dekwasan).
- Rekonèt fòm debaz nan anviwònman an tankou kadran sikilè yon òlòj, yon pòt rektangilè, ak mozayik kare.
- Konprann epi itilize mo tankou “over,” “under,” “above,” “below,” “next to,” ak “between.”
- Konnen mo ki asosye ak moman nan jounen an, tankou “morning,” “noon” ak “evening.” Konnen ki aktivite ki fèt souvan pandan chak moman, tankou manje dejene nan maten, manje dine a midi, elatriye.
- Rekonèt, dekri ak kreye sekans koulè, dimansyon ak fòm. Pa egzanp, kisa k ap vini apre nan sekans sa a?



- Fè previzyon ak estimasyon byen kalkile.

# Syans

Syans nan klas jadendanfan egzamine pwopriyete fizik matyè ak chanjman nan plant ak pyebwa yo atravè sezon yo.

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Itilize sans yo, tankou sans vizyon ak touche pou obsève ak dekri diferan objè. Pa egzanp, di yon balon basketball sanble won, sifas la kouvri avèk ti pwen an kawotchou epi li sanble di, epitou li bay yon gwo son lè li rebondi sou sòl la.
- Obsève yon kantite objè epi decide si yo sanble oswa si yo diferan.
- Itilize zouti pou dekri ak konpare pwopriyete fizik objè yo. Pa egzanp, itilize yon balans ak plato senp pou wè kiyès nan de objè yo ki peze plis, oswa itilize yon tèmomèt pou konnen kiyès pami plizyè vè dlo yo ki pi cho.
- Obsève, dekri epi rekonèt pwopriyete matyè tankou bwa, plastik oswa metal. Pa egzanp, rekonèt grenn bwa oswa sifas klere metal ki poli yo.
- Klase objè yo dapre pwopriyete fizik yo, tankou koulè, fòm oswa kalite yo.
- Obsève epi dekri chanjman nan anviwònman an jou apre jou, mwa apre mwa, epi sezon apre sezon.
- Obsève fason èt vivan yo grandi ak chanje.
- Idantifye sa èt vivan yo bezwen pou viv, tankou lè, dlo ak limyè.
- Obsève epi konpare pati yon plant—tankou rasin, fèy, tij, ak flè—ki pèmèt diferan plant viv.
- Konprann kouman plant yo reyaji a chanjman ki nan anviwònman yo. Pa egzanp, dekri fason fèy ki sou kèk pyebwa chanje koulè lè tanperati a vin pi fre ann otòn.

## Aprantisaj lakay

**Tcheke tanperati a ansanm lè pitit ou reveye chak jou.** Pale osijè ki rad li kapab mete pou ale lekòl dapre previzyon metewolojik pou jou a.

**Mande pitit ou pou li fè foto oswa fè pòtre yon pyebwa oswa yon plant ki toupre kay ou pandan l ap chanje sezon apre sezon.** Ekspoze pòtre yo ansanm epi pale osijè chanjman yo.

**Ede pitit ou grandi yon plant ki fasil pou grandi,** tankou yon begonya *begonia* oswa yon koleyis *coleus* nan yon po lakay ou. Ansanm avèk pitit ou, chèche sa plant lan bezwen pou li rete an sante.

**Kòmanse yon koleksyon fèy an fanmi** epi pale sou fason fèy yo sanble oswa diferan. American Museum of Natural History ofri gid sou Entènèt pou fèy yo, plis konsèy pou adilt k ap bay èd yo. Ale sou sit wèb [www.amnh.org/nationalcenter/online\\_field\\_journal](http://www.amnh.org/nationalcenter/online_field_journal). Klike sou “Field Journals” epi chwazi “Leaves”.



## Aprantisaj lakay

**Pale osijè bagay ki pase nan lekòl ak nan katye pitit ou.** Kisa pitit ou remake ki nouvo ak diferan?

**Mennen pitit ou nan bibliyotèk lokal** la epi egzamine liv sou istwa kominote w la.

**Li kont fòklorik pou pitit ou ki reflekte eritaj fanmi ou.** Bibliyotèk piblik ki nan vil Nouyòk genyen liv kont fòklorik ki soti nan anpil peyi.

**Fè yon ab jeneyalojik oswa kreye yon albòm foto fanmi** ou epi pale avèk pitit ou sou fason fanmi yo diferan.



# Syans sosyal

Nan syans sosyal nan klas jadendanfan, elèv yo ap dekouvri konsèp pèsonèl ak konsèp lòt moun tankou konsèp fanmi ak konsèp kominote.

## Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Konprann kouman fanmi, lekòl, vwazinaj ak kominote yo fonksyone.
- Konnen ke fanmi yo genyen bezwen ak dezi epi konnen moun ede yonn lòt.
- Idantifye tèt yo antank manm yon kominote, vil, eta oswa peyi.
- Rekonèt senbòl sitwayènte, tankou drapo Etazini. Konnen ke sitwayen yo genyen responsablite anvè peyi ak kominote yo.
- Montre respè pou lòt yo epi travay byen avèk lòt moun.
- Konnen ke moun kreye ak chanje regleman.
- Montre ke yo konnen evènman k ap pase yo, tankou eleksyon pou prezidan.
- Gade oswa li diferan liv istwa imajinè ak liv istwa reyèl timoun, fanmi, lekòl oswa vwazinaj.
- Idantifye yo avèk rasin kiltirèl fanmi yo (tankou Italyen, Afriken-ameriken, oswa Pötòriken).
- Koute tèks fòklorik ak lòt tèks pou aprann valè ak tradisyon diferan kilti.

# Plis konesans ak aptitud enpòtan

*Elèv lekòl matènèl nou yo ap aprann plis pase li, ekri, fè matematik, ak konprann konsèp enpòtan nan syans ak nan syans sosyal.*

- **Boza Arts** : Elèv yo jwenn opòtinite chak jou pou aprantisaj kreyatif ak pratik nan boza vizyèl, mizik, dans, ak teyat. Pandan y ap estimile imajinasyon yo, y ap itilize kò yo ak lespri yo pou aprann, grandi, ak eksprime lide. Detay : [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).
- **Egzèsis fizik ak Sante** : Elèv yo ap angaje nan divès kalite opòtinite pou yo ka aktif sou plan fizik, aprann fason pou pran desizyon pou sante yo, devlope yon mòdvi an sante, epi fè eksperyans divès kalite aktivite fizik tradisyonèl ak modèn. Detay : [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).
- **Bibliyotèk ak Rechèch** : Elèv yo ap kòmanse vin abitye avèk bibliyotèk ak zouti rechèch, tankou fason pou yo itilize lòd alfabetik liv yo pou jwenn liv ki genyen imaj ki enterese yo, diferans ant fiksyon ak non-fiksyon, ak fason pou jwenn enfòmasyon senp ak repons pou kesyon yo. Detay : [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).
- **Teknoloji** : Timoun klas matènèl yo ap kòmanse itilize òdinatè, kalkilatr, sit wèb ak lòt zouti teknoloji pou yo gen aksè a resous apwopriye pwofesè yo idantifye. Pwofesè yo ap montre itilizasyon sit wèb ki sennesòf kòm yon entwodiksyon sou sekirite nan cyber. Elèv yo ap kòmanse navige nan diferan resous (tankou lojisyèl edikatif,) pou sipòte aprantisaj nan salklas yo ak pou eksprime kreyativite. Detay : [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

## Aprann plis

Gid sa a ofri sèlman yon rezime sou anpil nòm pitit ou ap aprann ane sa a. Ou kapab wè kopi gid sa yo epi transfere download kopi li nan òdinatè ou pou tout klas yo, klas matènèl rive klas 8yèm ane, ansanm ak tout nòm yo okonplè pou tout matyè ak tout klas yo sou sit wèb nou an nan [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics).

Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj ak OFEA ofri enfòmasyon adisyonèl sou edikasyon pitit ou a ak lide sou kouman ou ka ankouraje li, e lakay e nan lekòl pitit ou a. Pou plis enfòmasyon, ale sou toude, sit wèb Ansèyman ak Aprantisaj [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics) ak sit wèb OFEA [www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/ofea](http://www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/ofea). Ou ka kontakte tou koòdonatè paran lekòl pitit ou a oswa OFEA nan (212) 374-2323 oswa pa Imèl nan [ofea@schools.nyc.gov](mailto:ofea@schools.nyc.gov). Anplis, ou ka telefone 311 pou plis enstitisyon kiltirèl ak istorik nan vil la pou w vizite ak pitit ou yo.



Department of  
Education

Joel I. Klein, Chancellor



T&I-7924 K (Haitian Creole)